Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

# ЧЕРКЕС ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым, горкомым я органщ

№ 65 (2292) | Гъубж июным и 6-м 1944 гъ. | И уас. кI. 20

## СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

### Июным и 4-м и оперативнэ сводкэ

Июным и 4-р екIуэкIыхункIэ город ЯССЫ и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи ипщаIуэкIэ ди дзэхэм ехъулIэныгъэ хэлъу бийм и танкхэмрэ пехотэмрэ зэщIэту атакэ къигъакIуэ къаруушхуэхэм зызэпырырагъэгъэзахэщ икIи и цIыху къарумрэ техникэмрэ хэщIыныгъэшхуэ ирахащ. Июным и ищым и кIуэцIкIэ ди дзэхэм немецкэ танк 29-рэ зэхакъутащ. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 44-рэ къыраудыхащ.

Фронтым и адрей участкэхэм—зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июным и 3-м и кIуэцIкIэ хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ немецкэ самолет 53-рэ къыраудыхащ.

* * *

Город Яссы и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи и ищхъэрагъэкIэ бийм и танкхэмрэ пехотэмрэ я къаруушхуэхэр зэщIэту ди позициям къытеуэу ирагъэкIуэкIахэщ. Зауэ гуащIэ ирагъэкIуэкIахэм, советскэ дзэхэм бийм хэкIуэдыкIыныгъэшхуэ ирахащ. Н-скэ частым и боецхэм а махуэм и кIуэцIкIэ ирагъэкIуэкIа зауэм батальоным нэс гитлеровцхэу яукIахэщ, танки 9-рэ бронетранспортери 3-рэ зэхакъутахэщ. НэмыщI ди зы часть гуэрым ехъулIэныгъэ хэлъу бийм и атаки 4-м зызэпырырагъэгъэзахэщ икIи а зауэм немецхэу мини 4-м щIигъу яукIахэщ.

Сержантхэу Сигнаевскэрэ Сухаеврэ я топ расчетхэм я позициям деж бийм и танк гупышхуэ къэкIуэтахэщ. Ди артиллеристхэм фIамыгъэкIыу еуэхэкIэрэ, зы немецкэ танкым нужь адрейр иту зэхакъутахэщ. ЛIыхъужь боецхэм я зэуэныгъэр ягъэувакъым тотым и расчетитIырикI къутэхункIэ. Зауэм и кIуэцIкIэ артиллерийскэ расчетитIым немецкэ танк 20 зэхакъутащ.

Старшэ лейтенант Егоров ящхьэу летчик-истребительхэр самолет „Аэрокобра" исхэу немецкэ гуп бомбардировщикхэм ятеуащ. Хьэуэм щырагъэкIуэкIыу хуежьа зауэм старшэ лейтенант Егоров немецкэ самолети 4 къыриудыхащ. Советскэ Союзым и Герой капитан Кожедубрэ капитан Евстигнеееврэ бийм и самолет зэрыз къыраудыхащ.

* * *

Город Новоржев и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ советскэ разведчик 15, гвардием и старшина Озерницковскэ ящхьэу, боевое задание ягъэзэщIащ. Нейтральнэ зонэм деж ди разведчикхэм немецкэ разведчикхэр къаIущIащ. Советскэ разведчикхэр зыхаIубахэщ. Немецхэм яужь иту кIуэхэкIэрэ, ди разведчикхэм тылымкIэ псынщIу къытеуащ. А зауэм деж немецкэ солдат 31-рэ яукIахэщ. Плен солдат 12 къащIащ. Ди зыплъыхьакIуэ гупым хэкIуэдыкIыныгъэ иIакым.

Город Витебск и ипщэ-къуэкIыпIаIуэкIэ ди отрядхэм зы къуажэ гуэрым деж цIыху мамыр псэухэу мини 8 къыIэщIагъэкIыжахэщ, гитлеровцхэм концлагерым зэхуахусауэ щIэсахэр. МэжэлIалIэхэу, фашистскэ лагерым гугъу щырагъыхьа советскэ цIыхухэм я нэпсыр къыщIэлъэлъу икIи гуфIэхэу Краснэ Армиям и зэуакIуэхэм пыкъуэкIахэщ.

* * *

Финскэ заливым деж самолет-торпедоносецыр немецкэ транспортышхуэм теуащ. Старшэ лейтенант Большаков торпедыр занщIу бийм транспортыр щIыригъэлъэфащ еуэкIэрэ.

* * *

Волынскэ областым щызауэ партизанскэ отрядыр, немецкэ подразделением теуащ. СыхьэтитIкIэ зауэ ирагъэкIукIам и кIуэцIкIэ немецкэ солдат, офицерхэу 60 яукIахэщ икIи автомашини 8 зэхакъутащ. Станиславскэ областым щызауэ партизан отрядхэм немецкэ воинскэ эшелони 2 зэщхьэпырырагъэгъэдзахэщ. Паровози 2, платформ 30-рэ автомашинэ ярыту зэхакъутахэщ. Поездым и хъумакIуэ немецхэр яукIахэщ. А гъущIгъуэгу участкэм деж поездхэр земыкIуэжыфыу жэщ-махуищкIэ щытащ.

* * *

2-рей Украинскэ фронтым деж Краснэ Армиям и лъэныкъуэ зыкъащIащ солдат 14-м 1 румынскэ дывизым щыщу. Плен зыкъэзыщIа Ион Т. къыжиIащ: „Немецхэр ди щIым, Румыниям зэрихьэм хуэду ар немецкэ колонэ хъуащ. ИпэкIэ сэ тылым сыщыIэу, сэ къызгурыIуащ, дэ урысхэм даймызэуэнуэ, атIэ дэ абыхэм дырагъусэу немецхэм дайзэуэнуэ. Майм ипэ щIэдзэхэм, сэ фронтым сыкъыщагъэкIуам, сэ гъуэгум деж солдат си отделением хэтхэм ягурызгъаIуэт урысхэм плену заттынхэу. Тхьэмахуэ зыкъомкIэ ипэ позициихэм дыщыIэкIэрэ, дэ, икIэм икIэжым, плен зыщытщIынур дгъэувахэщ. Махуэ дыщызэзэгъар, сыхьэтыр къыщынэсым щыгъуэ, си гупыр къызэхуэсащ. ЗэрымыщIэкIэ, псынщIу командир взводым и помощник Виктор Винке къэсащ. Сэ абы ди гугъэр жесIащ икIи абы жесIащ ди гъусэуэ нэкIуэну. Сэ ар къызэхъуэну, автоматыр къиштэри сигъэшынэу икIи сиукIынуэ хуежьащ. Абы щыгъуэм зы солдат гуэрыр пулеметым и очередкIэ къеуэри иукIащ. А предателыр дыукIкIэрэ, дэ къэтщтащ пулемети 3, фочи, шэи икIи урысхэм я деж дыкIуахэщ. Дэ дыхьэзырщ тхуэщIэ псори

(ЕтIуанэрей напэм епль)

# СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

## Июным и 4-м и оперативнэ сводкэ

(*КIэух*))

тIщIэнуэ, Румыниям немецхэр псынщIу итхуныгъэм щхьэкIэ". НэмыщI зы район гуэрым деж 14-рей румынскэ дывизым щыщу гупым плен зыкъащIащ. Плен зыкъэзыщIа Василе С. къыжиIащ:„ МазитI текIа нэужь сэ частым сыкъыхэкIри дизертирствовать сщIауэ щытащ. Сэ мэзым къыщысIущIащ старшэ лейтенантрэ сержантрэ. ЩIэхыу дэ солдати 4 и къыдгухьахэщ. Майм и кум деж сержантым зы немецкэ майор гуэр иукIащ. Немецхэм псоми зыкъаIэтахэщ, ауэ дэ ди лъэужьыр къагъуэтын ялъэлIакъым. Дэ зыри къытщымыщIу урысхэм я позицэхэм дыкъыэсахэщ икIи плен зытщIахэщ."

## Июным и 5-м и оперативнэ сводкэ

**Июным и 5-р екIуэкIыхункIэ город ЯССЫ и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи и ищхъэраIуэкIэ ди дзэхэм ехъулIэныгъэ хэлъу бийм и танкхэмрэ пехотэмрэ зэщIэту атакэ къигъакIуэ къаруушхуэхэм зызэпырырагъэгъэзахэщ. Июным и 4-м и кIуэцIкIэ а районым деж немецкэ танк 41-рэ зэхакъутащ икIи бийм и самолетуэ 33-рэ къыраудыхащ.**

**Фронтым и адрей участкэхэм—зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.**

**Июным и 4-м и кIуэцIкIэ фронтхэм деж хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 39 къыраудыхащ.**

* * *

## Кишинев и гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэмрэ город Кишинев и военнэ объектхэмрэ ди авиацияр хуабжьу теуэныгъэмкIэ

Июным и 5-м и жэщым ди авиацияр хуабжьу теуащ Кишинев и гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэмрэ город Кишинев и и военнэ объектхэмрэ. ГъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм щытеуэм щыгъуэ бийм и воинскэ эшелон куэд тетащ. А теуэныгъэм къыхэкIкIэ, нафIэс куэд къэхъуащ, къэуэжыныгъэшхуэ щIэту. Паровозхэр, гъущIгъуэгу вагонхэр, платформхэм зауэ хьэпшыпхэр ярылъу, цистернхэм гъэсын ярытхэу, абы хуэдэ къабзу военнэ складхэр сыхэт.

Ди зы самолет аэродромым къекIуэлIэжакъым.

---

## Италиям зауэ зэрыщекIуэкIыр

ЛОНДОН, июным и 5-м. (ТАСС). Италиям щыIэ союзникхэм я дзэхэм я нэхъыщхьэ штабым къырагъэхьыр, союзникхэм я армиям бийр нэхъри яхур. Июным и 4-м 5-рей армиям и дзэхэр Рим и щIым ихьащ икIи абдежым бийм зигъэнэныгъэ мащIэщ къигъэлъагъуэр. Дызэрыт зэманым абыхэм я IэмыщIэ илъщ Колли Лациоли лъэгапIэр. Передовой частхэр городым блэкIхэкIэрэ, Тибр псым и щIырIэ зыкъомым щызэпырыкIахэщ.

8-рей армиям и дзэхэр хуабжьу ипэкIэ кIуэтащ, городхэу Палестрина, Фауджи, Пильо, Палионо, Гурчено (Рим и ипщэ-къухьэпIаIуэщ), Каве-ахэр бийм къыIэщIагъэкIыжахэщ.

Союзникхэм я авиацияр дыгъуасэ, бийм и автотранспорт, гъущIгъуэгу объектхэм Рим и ищхъэрэкIэ, къухьапIэм щыIэхэм теуащ. Италиям и ищхъэрэмкIэ щыIэ сортировочнэ бийм и станцхэм теуащ бомбардировщикхэр икIи итало-французскэ границэм и коммуникация линияхэм.

АЛЖИР, июным и 5-м (ТАСС). Рим и екIуэлIапIэхэм деж дыгъуасэ псом зауэ щырагъэкIуэкIащ. Немецкэ арьеградхэм зигъэныгъэ хуабжь къащIыр, икIуэтыжыр дзэхэр яхъумэкIэрэ. Городым и дыхьэпIэм деж немецхэм я зигъэнэныгъэр щызэпащIащ икIи городым и центрэм кIуэ гъуэгур хуит къэхъуащ.

Немецкэ арьеградхэм союзникхэм я дзэхэр зэтрагъэувыIэн ягугъэу, урамхэм зауэ щырагъэкIуэкIащ. Американскэ частхэр кIуэтахэщ бийм и танкхэм я нафIэхэр зэхакъутэу. Сыхьэтыр 21-м дикъикъэ 15-м деж Рим хуит къащIыжащ немецхэр ирахукIэрэ.

---

## Я нормэхэм щIырагъэгъуу мэлажьэхэр.

**Хьэбэз район.** Хьэбэз къуажэм Киров и цIэкIэ зэхэт колхозым и 3-рей бригадэм звеньеводхэу Гошокова Мадинэ, Даурова Дишемин, Шебзухова Къэрал сымэ я звенохэм я нормэхэм щIырагъэгъуу, щапхъэфIхэр къагъэлъагъуэу мэлажьэхэр.

Ахэм социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм зырагъэубгъукIэрэ, сэхуран пэщIэр яухащ икIи ехъулIэныгъэ хэльу етIуанэрей пщIэныр ирагъэкIуэкIыр. А звенохэм я нормэхэр процентi 150-200 ягъэзащIэхэр.

А звенохэр шIобэныр мыгъэм гектар къэсыхункIэ гъэвэ путищэ къызэрытырахынум икIи ехъулIэныгъэ хэлъу абы щхьэкIэ къэкIыгъэхэр къабзу, фIагъыр хэлъу ялэжьынуэ.

**С. Кятова.**

---

**Ответ. редактор М. САКИЕВ.**

ВУ № 00213

Черкесская областная государственная типография